Ассаламу гӀалайкум!

# ЦӀумадисезул гьаракь

Голос Цумады

2016 сональул
16 сентябрь
РУЗМАН

№39
(7422)

Газета бахъизе байбихьана 1937 сональул 1 декабралда

Багьа 4 гъур.

ЦӀУМАДА РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА - ЦУМАДИНСКАЯ РАЙОННАЯ ГАЗЕТА

Администрациялъул ишал

## РацӀцӀалъи цӀунизе ккола гьитӀинасги кӀудиясги



**Талат къоялъ 13 сентябралда районалъул администрациялъул залалда данделъун рукӀана Агъвали росдал Собраниялъул депутаталгун администрациялъул ва ЖКХялъул хӀалтӀухъаби. Гьезулгун дандчӀвай гьабуна райадминистрациялъул жавабиял хӀалтӀухъабаз бетӀералда районалъул бетӀер АнвархӀажи Вечедовгун. Данделъиялда бицана райцентралда рацӀцӀалъи чӀезабиялда сверухъ бугеб ахӀвал-хӀалалъул.**

АнвархӀажи Вечедовас баян гьабуна ахираб заманалда райцентралда рацӀцӀалъи чӀезабиялда сверухъ Агъвали росдал администрациялъ гьарулел хӀалтӀабазул, гьеб рахъалъ ругел жеги гӀоларел рахъазул, бихьизабуна районалъул административияб комиссиялъул рацӀцӀалъи цӀуниялда сверухъ гьабулеб хӀалтӀи чучаб букӀин. Гьеб рахъалъ дандчӀвалел захӀмалъабазул ва санагӀалъи гьечӀолъиялъул бицана Агъвали администрациялъул бетӀер ХӀусен Билаловас. Данде-лъиялда гьарурал кӀалъаязухъ гӀенеккидал, рахӀат хвараб суаллъун кколеб буго райцентралда рищникъул бакӀарулеб машинаялъул хӀалтӀул низам гьечӀолъи ва кинабго хӀалтӀи гьабулев цохӀо росдал администрациялъул бетӀер тун батӀияв чиги гьечӀолъи. Гьеб рахъалъ гӀолареб хӀалтӀи буго росдал администрациялъул ва ЖКХялъул хӀалтӀухъабазулгун росдал Собраниялъул депутатазулги. РацӀцӀалъи чӀезабизе ккани, гьелъие рукӀине ккола шартӀал. КигӀан абуниги кӀвечӀо росдал администрациялда тукенчагӀаздаса тӀалаб гьабизе тукабазда цере гӀиси-бикъинал кванил нигӀматазул ва цогидалги хутӀелал разе маххул ящикал лъезаризе. Гьел гьечӀолъиялдаса байбихьула къватӀазда рацӀцӀалъи гьечӀолъиги. РацӀцӀалъи чӀезабиялда сверухъ цохӀо росдал администрациялъ ва гьелъул бетӀерас гьабун хӀалтӀи тӀубаларо, гьеб ккола нилъер киназулго борч. Мекъаб пиша гьабулев чиясдаги абизе ккола рекъараб рагӀи. Сурукъаблъун бихьула мажгиталда цебе байданалда гӀодорчӀун гӀурал ясаз ва гӀолохъанал руччабаз семечкаги чӀучӀун, гьелъул хъал гӀодоб бай, ялъу- ни, гӀолохъабаз сигареталъул бухӀунхутӀ гӀодобе рехи ва гьелда релълъараб цогидабги. Нилъ кутакалда рацӀцӀалъиги цӀунулел гӀадлуги бугел гӀадамалилан нилъеда кканиги, гьечӀо нилъ гьединал. Нилъерго рокъобги, азбаралъубги, рагьдаги гьабулареб хъублъи бегьуларо гӀаммал бакӀаздаги гьабизе. Аварагасул (с.т.гӀ.в.) хӀадис буго рацӀцӀалъи иманалъул бащалъи кколилан, гьелъулгӀаги хӀисаб гьабизе ккела нилъ бусурманчагӀиги ругелъул.

ЧӀахӀияз гьитӀиназе гьаризе ккола малъа-хъваял, гӀадамал руссунел бакӀазда лъезе ккола рищникъул базе маххул ящикал, аскӀорго рацӀцӀалъи цӀунизе ахӀарал плакатал. Гьединал тадбираз инсанасе асар гьабичӀого хутӀуларо ва гӀадамал, хасго гӀолилал, ругьунлъула рацӀцӀалъи цӀунизе. Инсанасул жиндиралдаса кидаго тӀадегӀан рукӀине ккола гӀаммал мурадал. Гьеб мехалъ букӀуна киса-кибего гӀадлуги, рацӀцӀалъиги, ритӀухълъиги. ЦӀакъ бокьилаан районалъул центргун росаби рацӀ- цӀадал рукӀине: нилъергоги ракӀгъолел, гьалбадерилги ракӀбатизабулел.

## Цолъиялъулъ буго нилъер къуват

**Дагъистаналъул халкъал цолъиялъул къо кӀодо гьабуна Агъвали**




14 августалда районалъул администрациялъул данделъабазул залалда тӀобитӀана Дагъистаналъул халкъал цолъиялъул байрам кӀодо гьабураб данделъи.

Рохалилаб тадбир рагьана ва залалда гӀодорчӀаразда гьеб баркана районалъул бетӀерасул заместитель МухӀамадрасул Гагиевас.

-Жакъа бищун гӀолохъанаб байрамилан кканиги, гьелъул буго жиндирго бечедаб тарих, 274 соналъ цебе Дагъистаналъул халкъал цолъун, гъункун, Надиршагьасул бо щущахъ биххизабиялъ жиндие кьучӀ лъураб. Россиялда гьечӀо, Дагъистан гӀадаб, гӀемер миллатал цолъараб ва гъункараб бакӀ. Дагъистаналъул халкъазул цолъиялъул къо буго нилъер халкъазул гьудуллъивацлъи щулалъиялъе кьучӀ хӀисабалда чӀезабураб, гӀодобкъолъунги жиб лъазабураб Дагъистаналъул байрамазул аслияб байрам,-ян абуна тадбиралда кӀалъазе яхъарай районалъул бетӀерасул заместитель ХӀалимат АхӀмадовалъ.

ЦӀияб байрамалъул тарихалъул, Дагъистаналъул халкъазул гьудуллъиялъул, гъунки-цолъиялъул бицарал кӀалъаял ва баркиял гьаруна МухӀамад Камиловас, районалъул ветераназул Советалъул председатель МухӀамад Шамсудиновас ва гӀолилазул рахъалъан районалъул лъайкьеялъул отделалъул хӀалтӀухъан Салтанат ХӀажимухӀамадовалъ. Гьез жидерго кӀалъаязда районалъул халкъ, хасго гӀолилал ахӀана гӀакъилал умумуз малъухъе гъункун, цолъун, букъараб зар гӀадин, къо ккаралъуре рортизе хӀадурун чӀезе.

Байрам кӀодо гьабун тӀобитӀулеб тадбиралъе хасаб берцинлъи кьуна Агъвали школалъул цӀалдохъан Фатима Дибировалъ рикӀкӀараб МухӀамад Шамхаловасул «Дагъистан» абураб кочӀоцагун культураялъул хӀалтӀухъан ПатӀимат МухӀамадовалъ ахӀарал кучӀдуз.

**Зулфия Сажидова**

## Генерал Михаил Молоканов в районе

6 августа в администрации района состоялась рабочая встреча главы района Анваргаджи Вечедова с начальником Управления внутренних дел Липецкой области генерал-майором полиции Михаилом Молокановым.

На встрече присутствовали заместитель главы района Магомедрасул Гагиев, начальник отдела внутренних дел по району Эльдар Магомедов, начальник отделения ФСБ по району Магомед Дибиров, заместитель начальника Управления внутренних дел Липецкой области Александр Овсянников, начальник временной оперативной группировки отделов и подразделений по Цумадинскому району Республики Дагестан Владимир Кофанов. На встрече был затронут вопрос профилактики и противодействия терроризму и экстремизму в районе.

-По сравнению с прошедшим периодом оперативная обстановка в районе более спокойная и стабильная. В районе уменьшилось число



членов вооруженных бандформирований, наметилась тенденция сокращения преступлений террористического характера. За последние два года в районе не совершены преступления в этом направлении, не зарегистрированы случаи посягательств на жизнь сотрудников правоохранительных органов. Все это является результатом совместной и целенаправленной работы правоохранительных органов района и приданных сил временной оперативной группировки отделов и подразделений по району,-отметил глава района на встрече.

Далее Анваргаджи Вечедов, акцентировал внимание руководителей правоохранительных органов на повышение бдительности и недопущения фактов нарушения законности в день единого голосования 18 сентября.

В свою очередь Михаил Молоканов поблагодарил население и руководство района за внимательное и чуткое отношение, гостеприимство и радушие к прикомандированным сотрудникам полиции Липецкой области. Далее генерал отметил, что он, являясь почетным гражданином Цумадинского района, обязан заботиться об улучшении обстановки в районе, и цель очередного его приезда обусловлена причиной усиления внимания сотрудников внутренних дел Липецкой области, временно находящихся в районе, на несение службы в период предвыборной агитации и проведения выборов депутатов Федерального Собрания Государственной думы и Народного Собрания Республики Дагестан.



Встреча была завершена с пожеланиями добра и благополучия жителям района и Липецкой области. В тот же день генерал Михаил Молоканов посетил личный состав временной оперативной группировки.

**Пресс-служба главы района**

# ГIурул ва лъаразул рагIаллъаби рацIцIана

**Районалда тIобитIана «Россиялъул лъим» абураб акция**

Гьекъолеб лъел суал дуниялалдаго тIад къойидасан къойиде бегIерлъулеб буго. ТIолгодунялалъулаб хинлъиялъул асар кколин гьебан абулелги гIалимзаби руго.



МугIрузда гIазу-цIер бииналдаго цадахъ, къолел руго гIисинал лъаралги иццалги. Гьеб ишалъулъ тIадеги, инсанасул лъугьа-бахъиналъул к1варги (факторги) камилищха: гIоралгун лъарал ва гьезул рагIаллъаби хъублъизарулел руго канализациялъулал чвахияз ва рищни-къулалъ.

Лъималъул кIвар бугеб гьеб суалги хIисабалде босун, бахъараб буго «Россиялъул лъим» федералияб программа ва гьеб гIумруялде бахъинаби мурадалда республикаялда сонайилго тIоритIула гьелда хурхарал экологиялъулал акцияби, гьелдаго цадахъ, нилъер районалдаги.

Гьедин, районалъул санитарияб комиссиялъул нухмалъиялда гъоркь, ичIабилеб сентябралда районалда тIобитIана ТIолгороссиялъул «Нилъер гIоразе ва хIоразе-рацIцIадал рагIаллъаби» абураб экологияб акция. Гьелъул хIасилалда, Агъвалисан ТIиссиахикье щвезегIан ГIандигIурул ва гьенире чвахулел лъаразул рагIаллъабаздаса ришни-къул, пластикадулгун цIорол шушби ва цогидабги хъублъи бацIцIана. Гьеб ахIиялда гъоркь Гьакварисезул чвахелоялъул, ТIиссиахикь росдада аскIоса ГIандигIурул рагIаллъаби ва жибго росдал рищни балеб бакI, Инхокъвари даруяб регьа лъел иццалъул сверухълъи, Гьадирисезул лъарал рагIаллъаби чороклъи-ришниялдаса рацIцIад гьаруна. Гьеб халкъалъул баркалаги Аллагьасул кириги цIикIкIараб хIалтIулъ гIахьаллъана Агъвали, ТIиссиахикь, Инхокъвари росабазул гьоркьохъел школазул цIалдохъаби, ТIиссиахикь росдал жамагIат, райадминистрациялъул, районалда бугеб цIа ккеялдаса цIуниялъул часталъул, рохьил магIишаталъул ва цогидалги идарабазул хIалтIухъаби. Тадбиралъе бетIерлъи гьабуна районалъул администрациялъул бетIерасул заместитель, санитарияб комиссиялъул председатель ХIалимат АхIмадовалъ.

Инхокъварисез, ТIиссиахикьисез рищни, Гьакварисезул чвахелоялда ва Гьадирисезул лъарал рагIалда цIалдохъабазго гIадин, дандеги бакIарун, цIа гъун, бухIана ва бухIараб рахъу-рищниялде тIаде машинабаз баччун ракьги бана. ЛъикIаб хIалтIи гьабуна гьеб къоялъ газа-белгун къватIире рахъараз, кири кIодо гьабеги. РацIцIалъиялъул нур рещтIана лъаразулгун гIурул рагIаллъабазда. Амма…

Амма бокьилаан тIалъиялъ амру кьун гуреб, росабазулжамагIатаз жалго лъикIал лъугьун лъагIалида жаниб кIиго-лъабго нухалъниги жиде-жидер росабалъ рацIцIалъиялъул субботникал тIоритIизе, Гьакварисезул чвахелоялда, Инхокъварисезул иццухъ ва гIурул-лъарал рагIаллъабазда хIухьбахъизе рачIараз, жидеда хадуб рацIцIалъи цIунизе, гьездаса хадур рачIарал цогидазулги ракIбиччараб хIухьбахъи гьабизе ракIбаледухъ.

ГIурул ва лъарал рагIаллъабазда аскIор яшав гьабун ругел гIадамазги гIахьаллъизе ккела гьединал тадбиразулъ, гьезуллъидалха бугеб, аслияб куцалъ, гьениб бугеб хъублъигун чороклъи ва ришни-къул.

БакIалъулаб самоуправлениялъги кIвар кьезе ккела гьединал тадбиразда росдал гIадамал гIахьал гьариялда.



РацIцIалъи лъухьулеб бакIалда гуреб, хъублъи гьабулареб бакIалда букIуна. Гьелъухъего, мех щун буго нилъее нилъедаго сверухъ рацIцIалъи цIунизе нилъерго сахлъи цIуни мурадалда.

Буго цоги рахъги. Гьединал тадбирал тIоритIилалда цебеккунго лъазабизе ккела школазда лъимал хасаб ретIелгун рачIине. Гурони, умумузул гIарзал цIикIкIунел руго хъублъизабун, кIкIуйдул махI бетараб ретIелгун рачIунел ругин жидер лъимал рокъореян.

# РакIалдаса унарел дандчIваял



Тамашаяб жо буго инсанасул гIумру, къисмат. Дир гIумруялъул гьадинаб сюжеталъулаб къиса букIине бугин абун, гIодовги чIун, хъвазейин лъугьани, ургъун бажарулареб.

Гьединаб пикру ботIролъе бачIана гьаб сональ 9 маялъул байрам кIодо гьабулаго цIар лъаларев бахIарчиясул гIарасалда цере бадиб магIуги хулун, цоцада къвал балев ригь арав кIиго чи вихьидал. Цин ракIалде ккана цоцада зигара балелгIаги гуродаян, щиб къварилъидай гьазде бачIараб абун.

РакI чIечIого аскIое ун, г1енеккидал, баянлъана гьел 1967 сональ Балтика ралъдал флоталъул Юстровский полигоналда тIадаб рагъулаб хъулухъ тIубалаго ругьунлъабазда дандчIварал Гьигьалъа ШамилхIажиев ГIабдулкъадир ва ТIиндиса ГьитIинов Мухтар рукIин.

-Дун 1964 сональ ахIана армиялде, Мухтарил -1963 сональ,-ян байбихьана ГIабдулкъадирица. -Балтика ралъдал рагIалда ругьунлъабазда рукIарал ниж дандчIвана Мухтаргун. Гьенирго ратана ТIадгьаквариса АхIмадов МухIамадрасул ва ХIабибов ГIали. КIиго-лъабго сагIаталъ цоцада рихьарал чагIи рукIана ниж гьеб къоялъ, ва гьеб къоялъ ункъасулго цадахъ бахъана рак1алдещвеялъе суратги. Гьелдаса нахъе гьале гьаб жакъалъизегIан гьазул цонигиял дида дандчIвачIо.

Гьеб къоялъ ГIабдулкъадирихъ кодоб букIараб жакъаялдаса 49 сональ цебе бахъараб гьеб сурат бихьизабун буго гьес Мухтарида, гьаб сураталда вугев чи лъалищ дудаянги гьикъун, гьев ватилин дов живгун цадахъ полигоналда сурат бахъарав чи абураб пикруги рекIелъ женжедун.

Жив вугин гьавилан Мухтарицаги жиндирго сураталда килищ цун буго. Гьедин ккана кIиго цIумадисесул тарихалде жанибе араб дандчIвай. Байрамалъул майданалда рукIараз цIакъ кIвар кьуна гьеб хIужаялде.

ХIисаб гьабидал, цо районалда, цоцадаса къоло щуго километралъул манзилалъ гурони рикIкIада гьечIеб кIиго росдал инсан, Аллагьасул хIукму-къадар букIун, дандчIвана кIикъоялда ич1го сон ун хадуб. Бицине ккелищха гьезул ракIазул кIетIеялъулги, рохалил асаралъулги. Дагьабищха букIун батилеб кIиго ракьцоясул цоцада бицинеги, бикьизеги хабар.

Гьанжеялдаса нахъени рилуларел нилъ,-ян кьварараб рагIи кьуна Мухтарицаги. -КIудияв гIелмияв хIалтIухъанлъун вахъун рагIула ГIали. Гьел гьаквариселги щвезарила нилъеца кодоре, гьабила щивасухъ гIодорчIейги.

Гьеле доб, гIумруялъул къисматалда жинца кIудияб лъалкI тараб дандчIвай.



**Сураталда квегIисан квараниде:** Мухтар, МухIамадрасул, ГIали ва ГIабдулкъадир

* * * * *



Гьединабго дандчIвай ккана дагьалъ цере редакциялде рачIун рукIарал 1968-1970 соназ Советияб Армиялда рагъулаб хъулухъ тIубалаго гьудуллъи ккарал Гьигьихъа Махаев Майирбегилгун ЗилосаГIалибегов ПатагIалил.

КIикъоялда анлъго сональ цоцазда рихьичIел гьев кIиго гьалмагъасул дандчIваялдаса рохел загьир гьабизе рач1ун рукIана гьел редакциялде.

Гьез ракIалде щвезаруна кIиясулго армиялда рукIарал лахIзатал, бицана гьанже кин жал дандчIварал, гьелщинал соналги гьоркьор ун, кIиялго цоцазухъе гьоболлъухъе щвеялъул, хъизан-лъималазул ва х1алт1и-пишаялъул.

Майирбег гIемер соназ хIалтIана районалъул школазда учительлъун, гьанже мустах1икъаб хIухьбахъиялда вуго. ПатагIали жеги хIалтIулев вуго Зилоросулъ школалда учительлъун.

**Гъумер хIадур гьабуна Хадижат Залимхановалъ**

# Ветеринарасул хIалтIуда бараб гIемераб букIуна

**Шаваялъул ветеринарияб участкаялъул заведующий ГIали ПатахIовасулгун гара-чIвари**



Дагъаб цебе райадминистрациялда тIобитIана чIегIербоцIуда бахунеб нодулярнияб дерматит абураб унтиялда сверухъ гьаризе кколел тадбиразул бицараб дандельи. Гьениб кIалъай гьабуна Шава росдал ветеринарияб участкаялъул нухмалъулев ГIали ПатахIовас. Данделъи лъугьун хадуб, гьевгун дандчIвана нижер мухбир ва гьарана гьеб суалалда сверухъ чанго суалалъе жаваб кьеян.

**-ГIали, бицунеб буго лъарагIлъиялда гуребги мугIрузул районаздаги чIегIербоцIуда нодулярнияб дерматит абулеб унти тIибитIун бугилан. Бокьилаан къокъго гьелъул хIакъалъулъ бицине.**

-Нодулярияб дерматит ккола чIегIербоцIуда аслияб къагIидаялъ, чехьалда цIинкрал раккулеб унти. ТIоцебе гьеб баккана рикIкIадаб 1929 соналъ Севериябъ Родезиялда ва Мадагаскаралда, хадуб-1945 соналъ Трансваалалдагун Кениялда, 1963 соналъ-Румыниялда. Жакъа къоялъ нодулярияб дерматит аслияб къагIидаялъ тIибитIун буго ЮгалъулабваБакъбаккул Африкаялдагун Индиялда. Ай, нилъеда бихьухъе, хинаб гьава-бакъ бугел улкабазда тIибитIун буго гьеб ва жакъа къоялде гьеб кколаро къанагIатаб унтилъун. Гьединаблъун гьеб букIана нилъер улкаялъе, ва, бихьулищха, улкаялде гуребги, республикаялдеги, хIатта нилъер районалдегицин бачIана гьеб унти. Унти бахуна ракьдалаб заманаялъ ва чанги бакIазда гьеб бахуна магIишаталда бугебщинаб боцIудеги. Нилъер республикаялда тIоцебе гьеб баккана араб соналъ риидал Гьизилюрт ва Хунзахъ районазул хьутабазда. Киса кибего гIадин, Шава хьутабазда яшав гьабун ругел нилъер гIадамазда гьоркьобги хабар хехго тIибитIана цIар лъезе лъалареб унти баккун бугилан. БоцIуда раккулел рукIана, аслияб куцалда габур-чехьалда цIинкрал. КIодолъарал гьел рихьулел, ругьнал лъугьунел рукIана ва хIайванал холел рукIана. Республикаялъул ветеринарияб комитеталъ Москваялдаса ва улкаялъул цогидалги шагьараздаса ахIарал гIалимзабаз чIезабуна гьеб букIин вирусалъ баккизабулеб унти-нодулярнияб дерматит.

**Кинаб ахIвал-хIалалда бугеб гьеб рахъ Шаваялда?**

-Киса-кибего вакцина хIалтIизабуниги, бахана гьеб унти хьутабазда бугеб чIегIербоцIудеги. ЛъагIалил байбихьуда, хасго ихдадегун роол байбихьуда хIалуцараб ахIвал-хIал букIана, гьанже гьеб Шава зонаялда дагьаб гIодоцанин абизе бегьула. Унтараб боцIуе дару гьабуна, гьелде данде гьабсагIат хас гьабураб дару гьечIониги, ругездасан кIиго-лъабго нухалъ такрар гьабун, пайда босун, чурана, нугIаздаса цIунана. Дару гьабураб боцIи хвечIо, дагь-дагькկун бечIчIулеб рахьдал къадарги цIикIкIана, ай, рукIкIалиде ккана. Маг1арухълъиялде гьеб унти щвезе батиларин рукIаниги, бахана ва тIибитIулебги буго унти районалдаги. Лъондода ва Гьадири тIатана унтараб боцIи. МагIарухъ бехе гIадин гIорхьолъа борчIараб хIал гьечIониги, мадугьалихъ бугеб Чачаналдаги, гIорхьода ругел районаздаги, нилъехъго гIадин, гьеб тIибитIун букIиналъ, хIинккьи цIикIкIараб буго гьеб цIакъго тIалтибтIиялда. Дагьабищха нилъер мугIрузда гьереси-справкабиги росун, къватIисан бачIараб боцIи хьихьулеб бугеб.

**-ЧIегIербоцIуда гуреб, цоги хIайваназда букIунищ гьеб?**

-Гьелъ унтула гIи-цIани, ганщал, рукъалъул гIанкIал, ралъдал болъонал (морская свинка), цIигьарурал гIонкIкIотIанчIи. Къинаб боцIи хIорлъула. Цебеккун абухъе, унти цIикIкIун баккула ва хехго тIибитIула багIарараб, ракъдалаб заманалда, муцIи хIалаб бакIалда.

**-Кинал хасияталха унтул рукIунел, кин лъазе бугеб хIайваналда унти букIин?**

-Унти циндаго тIатуннаро, гьелъул инкубациялъулаб замана буго 3-13 сордо-къо. Унтараб хIайваналъул тату букIунаро, хважаинзабазда гьеб балагьунго лъала батIа бахъизе: хIайваналъ квандаса инкар ккола, гьелъул берал гьорола, кIал чвахула, рахьдал кьер багIаралде релъьун, хисула, бечIчIулеб гIакдал гьвари кIодолъула, магIарзухъан квешаб махI бугеб риччел баккула, цIа-кан 40 градусалде бахуна.

Габуралда, рутIбузда, бохдузда, чахьалда раккуна 0,5-4 см. роценалъул цIинкрал. Гьел хьордола, рихьула, гIужда дару гьабичIони, хIайван хола, щайгурелъул, унти халалъани, гьелъул кIалдиб, ургьимесалда, кванирукъалда пулал рахьула ва гьеб сах гьабизе захIмалъула. Лъабго батIияб тайпа вирусалъул буго гьеб унтиялъул. Бищун захIматаб ккола 1945 соналъ тIатинабураб, жиб г1исинал рухIчIаголъабазул хIанчIияздаса жиб бахунеб, гьелде данде хIалтIизабула гIиязул т1адерахьиялъул вирусалъул **штаммал.**

**-Гьеб унти гIадамазде бахулищ?**

-ГIадамазде унти бахунаро, амма унтараб боцIул гIатIгояб продукция (гьан, рахь, хIан) хIалтIизабизе лъикIаб гьечIо. Гьали бахьидал, киналго вирусал хола, чорхое кIудияб зарал гьала-белъараб продукция кваназе нин букIинаро, гIемерисез хьураб боцIул гьанги гьанал нигIматал (консервал) къачIалел (гьарулел) заводазде, цехазде кьола. Унтараб гIакдал рахь, бечIчIун бахъарабго, цо-цояз гвендги бахьун,ракьулъе тIолеб буго бокьараб ккаян абун теч1ого, гьебги бегьулеб иш буго, амма цIоко-къехь гвендинибе рехун течIого, бухIизеги лъикIаб буго, хIутI-хьумуралдасан цIидасан унти бачIунгутIизе.

**-Щиб даруха гьабилеб унтараб хIайваналъе ва кин цIунилеб сахаб боцIи дерматит бахиналдаса?**

-ТIоцебесеб иргаялда, киса кибего, хасго унтараб боцIи бугеб бакIалда гьабизе ккола дезинфекция. ЛъикI букIина унтудаса цIуни мурадалда къватIиса боцIи босичIого тезе, унтараб хIайван, боцIулъе биччачIого, батIа гьабизе. Бегьуларо гьеб бакъукь тезе ва гьелъие бакъвараб хер кваназе кьезе. Унтараб боцIуе лъикIаб буго жанир витаминал хIалал чураби. Гьелъие хьулухъ гьабулаго ретIизе ккола хасаб ретIел. Унтараб хIайван ва сахаб боцIи чанцIулго чуризе ккола креолиналъ ва цогидалги дарабаз. ГьабсагIат хIалтIизарулел ва лъикIал хIасилал кьолел руго бициллин - 5 (кIиго шиша) яги бициллин - 3 (ункъо шиша) гьаналъе цо къоялъ цо укол гьабизе. Хадуб цо-цо къо гьоркьоб биччан гьебго щуго укол гьабизе. Витамин эловит, яги тетравит, яги нитамин, яги гамавит моцIида жаниб ункъо укол гьаналъе. Сульфаниломидазул цояб: зинаприм, яги норсульфазол порошок. ТIоцебесеб къоялъ кIиго нухалъ 10 гр. кIалдибе базе, хадусеб анкьго къоялъул щибалъ цо нухалъ. Рибафлокс, яги ветфлок, энрофарм - 100, 5-8 мл. тIомоде гьорлъе цо нухалъ укол гьабизе, щуго къоялъ батIалаго. Гьеб уколалда цадахъ нитокс окситетрациклин хIалтIизабизе лъикIаб гьечIо. РекIел дару каффеин -2 нухалъ лъабго къо гьоркьоб биччан. Квен бигьине дару - чемерица, рагI балеб гьечIони - бакъдебуссалъул нах. ТIад ругел цIинкрал рихьани, бахине ккола тетрациклиналъул мазь, яги АСД-3 дару.

**-Камулел ратиларо Шаваялда унтараб боцIи бахчулел гIадамалги. Кинал тадбирал гьединазе гьарулел, гьелда хурхун, щиб абилеб газета цIалдолезда?**

-ГьечIо гьединал гIадамал. Гьелъул гIаксалда, унтунго гьечIебги боцIуе дару гьабизе хIаракат бахъулел руго. ТIаде жоялъеги, нижер вуго ветеринарияв инспектор-судалъул приставасулалда рацад гьечIониги, гIемер ихтиярал кодосев хIаким. Гьесул рагIухъ гIинтIамуларев чи цониги вук1унаро. Нижеца щибаб магIишатазда тIоритIула хал гьариял тIолго боцIул, нодулярияб дерматит гуребги, цогидалги рахунел унтаби гIужда тIатинари мурадалда. Дагьабниги щаклъи ккани, хIайваналъул тIадеги хал гьабула специалисталги ахIун ва, хIажалъи ккани, батIаги гьабун, тIубан сахлъизегIан дару гьабула. Ниж, ветеринаразда лъидасанго лъикI бичIчIула нижер хIалтIуда бараб иш гIемер букIин. Цо гIакъилас абун буго тохтурзабаз гIадамал сах гьарулел ратани, ветеринараз тIолго гIалам хвасар гьабулин абун.

**-ГIали, баркала пайдаяб гара-чIвариялъухъ.**

**Гара-чIвари гьабуна Хадижат Залимхановалъ**

# Как оформить право собственности на земельные участки

Покупка земельного участка - одна из значимых операций для каждого человека. К сожалению, многие не знают элементарных правил и законов. Если вы планируете купить земельный участок, вам необходимо убедиться, что он действительно существует и именно в тех границах, которые вас интересуют. Для этого нужно проверить наличие документов у продавца. Обратите внимание, что характеристики объекта во всех документах должны быть одинаковыми. Сведения об участке в режиме реального времени можно проверить на сайте Росреестра.

Затем убедитесь, соответствует ли фактическая площадь участка площади, указанной в документах. Соответствует ли местоположение границ земельного участка тем сведениям, которые содержатся в кадастре. Проверить фактическую площадь и местоположение границ возможно с помощью специалиста, выполняющего геодезические работы.

Также необходимо узнать, к какой категории относится выбранный участок: сельское хозяйство или земля поселений. Если вы собираетесь строить дом на купленном участке, то его можно построить: на земле, предназначенной для индивидуального жилищного строительства; стках, находящихся в границах земель поселений; на земле для дачного строительства; на территории крестьянско-фермерского хозяйства можно построить дом для проживания фермера.

Когда вы убедились, что все нормально и приступаете к непосредственной покупке участка, не забудьте составить договор купли-продажи. Чтобы составить правильный договор, обратитесь в местный филиал МФЦ «Мои документы». Грамотные специалисты подскажут вам какие документы нужны и составят для вас договор.

Следующий этап - оформление прав соб-ственности.

Федеральным законодательством предусмотрены ряд возможностей по оформлению прав собственности. В соответствии с законом 122-ФЗ «О регистрации права собственности на недвижимое имущество» собственнику необходимо провести межевание, оформить земельный участок, актуализировать и зарегистрировать права на земельный участок. Однако для того, чтобы провести межевание владельцы земельных участков и объектов недвижимости должны нести определенные финансовые расходы.

Чтобы избежать затрат, можно воспользоваться вторым упрощенным и незатратным способом оформления собственности с помощью «дачной амнистии».

Так, Законом 93-ФЗ внесены изменения в Закон 122-ФЗ, разрешающие оформление прав собственности по ранее учтенным земельным участкам без проведения межевых дел. То есть финансовые расходы на них исключаются. Этот вариант представления прав собственности распространяется лишь на те земельные участки, по которым в ГКН уже имеются сведения, определены их кадастровые номера, площадь, стоимость, но отсутствуют данные по правообладателю. Есть перечень документов, которые необходимо представить в регистрирующие органы на получение прав собственности по таким земельным участкам: заявление о государственной регистрации права собственности, документ об уплате государственной пошлины (порядка 350 рублей), документ, удостоверяющий личность физического лица (для представителя физ.лица - нотариально заверенную доверенность, подтверждающую полномочия доверенного лица), документ-основание для государственной регистрации прав собственности гражданина на земельный участок. В состав последнего документа входит акт о предоставлении гражданину данного земельного участка, изданный органом государственной власти или органом местного самоуправления в пределах его компетенции и порядке, установленном законодательством, действующим на момент издания акта. Или же акт свидетельства о праве гражданина на земельный участок, выданный уполномоченным органом государственной власти в порядке, установленном законодательством, действующим на момент издания акта. Или выдаваемая органом местного самоуправления выписка из похозяйственной книги о наличии у гражданина права на земельный участок в случае, если этот участок предоставлен для ведения личного подсобного хозяйства. Также подобным документом может быть любой иной документ, устанавливающий или удостоверяющий право гражданина на земельный участок. При этом необходимо учитывать, что в этом документе должны быть все реквизиты, необходимые для постановки земельного участка на учет. Проще говоря, одним из документов может быть постановление о выделении земельного участка администрацией муниципального образования либо свидетельство о пожизненном наследовании, либо выписка из похозяйственной книги, имеющейся в поселениях.

«Редакция газеты «ЦIумадисезул гьаракь» («Голос Цумады»)» Муниципальное унитарное предприятие, сокращенно МУП «РГГЦ»

БетIерав редактор МАЛАЧДИБИРОВ ГIУБАЙДУЛА САГIАДУЛАЕВИЧ

Жавабияй секретарь ХАДИЖАТ ЗАЛИМХАНОВА

ТЕЛЕФОНАЛ: Редакторасул 2-52-44 Жавабияй секретаралъул 2-52-92

Редакциялъул (издателасул ) адрес: 368900 Дагъистан Республика, ЦIумада район, Агъвали росу.

«ЦIУМАДИСЕЗУЛ ГЬАРАКЬ» газета гIуцIараб: «ЦIумада район» муниципалияб районалъул администрация

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере массовых коммуникаций, связи и охраны культурного наследия по Республике Дагестан. Свидетельство о регистрации ПИ №ФС 05-0005 от 20 августа 2008 г.

Газета бищана редакциялъул компьютеразул цехалда

Газета къватIибе биччана РГЖТялъул типографиялда. Адрес: 367018, МахIачхъала шагьар, Петр I-сул проспект, 61

Редакциялъул пикру кидаго гуро рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизару-рал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз.

Газеталъул индекс: бащдаб лъагIалие - 51377 лъагIалие - 63302 Тираж -2000 Заказ ---

Графикалда рекъон газета къватIибе биччазе гъулбасизе кколаан 17 с. 00 мин. ХIакъикъаталда гъулбасана l6 с. 45 мин.

Газеталъул электроннияб адрес: Golostsumady@mail.ru

Наша консультация

## Единовременная компенсационная выплата пенсионерам

Пенсионерам, являющимся получателями страховых пенсий и пенсий по государственному пенсионному обеспечению, в качестве социальной поддержки предусматривается осуществить единовременную выплату в размере 5000 рублей.Данная выплата будет осуществляться в январе 2017 года. Связано это с тем, что в настоящее время сложилась достаточно напряженная экономическая ситуация, характеризующаяся весьма ограниченными бюджетными возможностями. В ходе исполнения федерального бюджета в 2016 году планируется изыскать необходимые финансовые средства для осуществления этой выплаты.

Для этого Правительством РФ будут приняты все необходимые меры. По оценкам потребуется более 200 млрд. рублей. Выплата носит разовый характер. Важно отметить то, что в условиях сложившейся экономической ситуации в стране изменен в 2016 году порядок ежегодной индексации пенсий. Ранее, до 2016 года, пенсии индексировались с учетом роста потребительских цен (страховые пенсии) или роста прожиточного минимума пенсионера (пенсии по государственному пенсионному обеспечению).

В Пенсионном фонде Дагестана напоминают, что в 2016 году уже осуществлена индексация страховых пенсий неработающих пенсионеров с 1 февраля 2016 года на 4 процента, а с 1 апреля на 4% проиндексированы пенсии по государственному пенсионному обеспечению.

В этой связи принято решение в форме единовременной выплаты компенсировать пенсионерам за оставшийся период 2016 года до проведения новой индексации в 2017 году разницу между показателями инфляции за 2015 год и проведенной с 1 февраля 2016 года индексации. Размер единовременной выплаты в 5000 рублей примерно соответствуют среднему размеру выплаты, которую получил бы пенсионер при второй индексации.

Осуществление единовременной выплаты коснется около 43 млн. получателей страховых пенсий и пенсии по государственному пенсионному обеспечению - работающих и неработающих.

С учетом сложной экономической ситуации и напряженных параметров федерального бюджета принято решение компенсировать индексацию 2016 года в виде самостоятельной новой выплаты, носящей разовый характер, которая является формой социальной поддержки и в состав пенсионного обеспечения не включается.

**М. Газимагомедов,** руководитель клиентской службы

## ХIурматиял районцоял!

Дагъистаналда ва Россиялда бугеб оперативияб ахIвал-хIалалъул анализ гьабидал бихьулеб буго такъсирчилъи тIегьаялъе квербакъулеб букIин криминалиял гIадамал яргъидалъун хьезарун рукIиналъ. ГIемерисел такъсириял ишал кколел руго ярагъ хIалтIизабун.



Дагъистаналъул хIукуматалъул хIукмуялдалъун (№277 01. 08. 2016 с.) халкъалъухъа босулеб яргъил багьа кIиго нухалъ хиралъун буго.

Гьаб соналъул 20 августалдаса декабралъул ахиралде щвезегIан Дагъистаналда тIобитIулеб буго гIадамаз жалго разилъун багьадухъ ярагъ ва кьвагьулел жал нахъе кьеялъул «Оружие-выкуп» абураб операция.

Ярагъгун рагъулал сурсатал нахъе кьезе бокьарал рачIине ккола районалъул полициялъул отделалде. Гьединал гIадамал РФялъул УКялъул 222 статьялъул баяналда рекъон, уголовнияб жавабчилъиялдасаги эркен гьарула.

**Жанисел ишазул районалда бугеб отдел**

## Ятимал лъимал минабаздалъун хьезари

Районалъул бетIерасул хIукмуялда рекъон (29 август, №89) бесдал ва лъилниги тIалаб-агъазалде ккарал лъималазе къотIиялда рекъон минаби росизе кколезул цебе букIараб сияхIалдаса тIадеги мина босизе йихьизайизе 1992 соналъ гьаюрай ГьигьалъаТIалхIатоваХIанипатГIабдулкъадировна.

Дагъистан Республикаялъул «Ятимал лъимал минабаздалъун хьезариялъул хIакъалъулъ» (№ 57 04. 12. 2008 с.) закон гIумруялде бахъинабулаго, районалъул бет1ерасул амруялдалъун (30 август, №172) бесдал ва лъилниги тIалаб-агъазалде ккарал лъималазе къотIиялда рекъон росулел минабазухъ кьезе бихьизабун буго цо миллионгун ичIнусиялда кIикъоялда анкьазаралда ичIнусиялда къоло ункъо гъурущ.

КъотIиялда рекъон минабазухъ ГIисматулаева ХIабизат МухIамадовналъе, Гъазиев Садикъ МухIамадовичасе, ГъазимухIамадова Хамисатие ИсмагIиловналъе, ГIабдурахIманова Чакар МикагIилхIажиевналъе щивасе кьезе бихьизабун буго ункънусиялда ункъоялда анлъазаралда ичIнусиялда ункъоялда цо гъурущ.

Росабалъан харбал

## Пайда бугеб хIалтIи гьабуна

Нилъер рорхатал мугIрузул ракьалда руго пайда цIикIкIарал даруял хурдул лъинал-иццал ва рохь. Амма гьелде кIвар кьолел ва бичIч1улел дагь руго.

Гьединаб кIвар цIикIкIараб лъим буго Хъвайни росдал ракьалдаги. Гьелъ сах гьабула кванирукъалъул, бакьазул унти, гьединго суставазе ва цогидазе хIалтIизабула ваннабиги гьарун. Гьенисан машинабаз баччун гIемер уна гIатIиракьалдаги. Гьеб буго шагьранухкун ГIандигIурул цояб рахъалда. Гьеб пайда цIикIкIараб лъим букIинги бичIч1ун, гьенибги санагIат бугеб хIал гьабун букIана жиндир мунагьал чураяв Силдиса МухIамад-Расул ТIалхIатовас. Амма рохел халат бахъинчIо: кIкIалахъан бачIараб кутакаб гIансиялъ хвезабуна гьабураб кинабго хIалтIи, ва гьедин хут1ана г1емерал соназ.

ГIажаибаб, халкъалъе мунпагIат бугеб бакI рехун течIого, цIигьабизе ракIалда ккана ЦIунтIа районалъул Сагьада росдал гIолохъабазда ва хIукму ккана цIигьабизе. ГIуцIана жидерго гьитIинабго бригада, хIажаталъе кумек гьабуна школалъул директор МухIамад ЛатIиповас. Доб цояб рахъалдаса бачараб марщуялдаса чвахизабуна гьитIинабго рогIороялде лъим, нухлул рагIалда, гIатIилъи бугеб бакIалда, бана жанир чIезе цо рукъги, аскIобго кIиго ваннаги лъун, ваннаби гьарулеб бакI. ХIадурун буго гьеб хасалоялдеги хIалтIизабизе бажаруледухъ, хинлъизабун чIолеб къагIидаялъ, хIалтIи гьабизе. Гьенир кIвахIтун хIалтIана МухIамад Алитуев, МухIамад Гъазиев, Квацилаев ГIумар, ХIасанов ХIасан ва цогидалги. ЛъикIаб хIалтIи гьабурал гIолохъабаздаса разиго руго сверухъ ругел росабазул гIадамал. Гьел гIадин, Аллагьги разилъаги гьездаса.

**ХIабиб Давудов,** Метрада росу

## Инхокъвари субботник тIобитIана

РацIцIа-ракъалъиялъул субботник тIобитIана цIалдохъабаз школалъул экологиялъул мугIалим Айгъанат МухIамадовалъул нухмалъиялда гъоркь росулъ жаниб.

ЦIалдохъабаз бацIцIана росдал администрациялдагун школалда ва къулгIа сверухъ бакIал. БакIарараб рищни-къул бухIана. Гьединго цIа гъун бухIана росдал ришни балеб бакIалда рукIарал рошногохIал ва тIаде ракьги бан, рахчана. Айгъанат МухIамадовалъцIалдохъабазда бицана гьабсагIат районалда бугеб экологияб ахIвал-хIалалъул, лъимал ахIана рацIцIалъи цIуниялда сверухъ хIалтIизе ва бичIчIизабуна рацIцIалъи лъухьулеб бакIалда гуреб, хъублъи гьабулареб бакIалда букIунеблъи.

**А.МухIамадова**